



Pou Piblikasyon Imedya: 29/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LOREYA 100 POUSAN LOJMAN ABÒDAB VITAL
BROOKLYN RFP YO, DEBLOKAJ DEZYÈM RFP 578 MILYON DOLA
INISYATIV POU KREYE 4,000 KAY NAN BROOKLYN SANTRAL**

Kat Loreya Premye Faz RFP yo Pral Krewe Plis Pase 2,700 Lojman Abòdab ak Apatman K ap La Espesyalman pou Endividi ki Andikape sou Plan Devlopman, Endividi ki Aje ki pa nan Fanmi Akèy, Fanmi Sanzabri Kwonik, ak Granmoun Aje

Dezyèm RFP ap Konstwi sou Premye Faz Deblokaj RFP yo ki te Fèt an Avril ak Plan Konstwiksyon pou Granmoun Aje pou Konstwi 4,000 Lojman Abòdab nan Brooklyn Santral

Inisyativ Sipò Vital Brooklyn 1.4 Milya Dola pou Gouvènè a ap Pwomouvwa Espas Lib ak Lwazi ki Enpòtan yo, Pwodwi Alimantè ki Bon pou Sante, Edikasyon, Responsabilizasyon Ekonomik, Prevansyon Vyolans, Swen Sante, ak Inisyativ Rezistans ki Baze sou Efò Planifikasyon Kominotè Solid

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ka pwopozisyon ki te loreya ki pral krewe ansanm plis pase 2,700 100 pousan lojman abòdab nan Brooklyn Santral ak apatman epi sèvis sipò pou moun ki andikape sou plan devlopman, endividi k ap granmoun ki pa nan yon mezon akèy, ak fanmi ki sanzabri kwonik. Devlopman sa yo pral fè vanse angajman 578 milyon dola inisyativ Vital Brooklyn lan pran pou konstwi 4,000 inite lojman abòdab. Gouvènè a te anonse tou deblokaj yon dezyèm faz demann pou pwopozisyon (Requests for proposals, RFP) lojman abòdab Vital Brooklyn pou konstwi lojman sou sèt pasèl teren ke Eta a ap kontwole, ki se posesyon One Brooklyn Health ak Health Science Center at Brooklyn Foundation.

“Ogmante aksè pou lojman abòdab se yon eleman enpòtan inisyativ Vital Brooklyn pou envèse disparite kwonik sosyal, ekonomik sante nan Brooklyn Santral”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gras ak plizyè milyon kay anplis, n ap ede asire ke vwazen nou yo genyen kote bon jan kalite pou yo viv epi kontinye efò n ap fè pou nou konstwi yon pi von avni pou Brooklyn Santral.”

“N ap investi nan pwojè lojman abòdab atravè eta a pou nou asire ke tout Moun New York gen yon kote pou viv ki abòdab epi ki gen kalite”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Nan kad inisyativ Vital Brooklyn nou an, n ap abòde bezwen ki esansyèl yo nan kominote a tankou nouvo lojman, pwogram edikasyon, opsyon manje

ki bon pou sante, prevansyon vyolans, ak plis toujou. Nou angaje pou nou kontinye fè ekonomi lokal la fè pwogrè epi ofri opòtinite pou rezidan Brooklyn yo.”

An Out, Gouvènè a te anonse 1,000 apatman abòdab anplis ki sible granmoun aje k ap viv nan devlopman Administrasyon Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) ke yo pral konstwi sou pwopriyete NYCHA ki pa ase itilize nan Brooklyn Santral, epi konstwi sou RFP yo ki pral debouche sou kreyasyon 3,000 lojman abòdab. Gouvènè Cuomo te anonse [nouvo mezi](#) l ap pran pou l ogmante aksè a pwodwi alimantè nourisan epi abòde pwoblèm ensekirite alimantè kwonik ak disparite sou plan sante ki genyen nan kominote Brooklyn Santral yo. Li te ajoute sou sa yon investisman 1.825 milyon dola nan nouvo mache mobil, ensekirite alimantè pou granmoun aje, mache agrikiltè ke jèn moun ap dirije, jaden kominotè, ak yon sant etid distribisyon manje, pou ede asire ke kominote lokal yo genyen kapasite pou achte manje fre ak lokal, epi resevwa sipò yo bezwen pou yon vi an sante pi gwo kalite.

An Jiyè, Gouvènè Cuomo te [anonse](#) yon investisman 3.1 milyon dola pou renove ak transfòme uit jaden kominotè epi nan konsa pote koneksyon dlo dirèk ke 14 lòt jaden byen bezwen, yon pwojè k ap fini an otòn 2019. Mwa sa a, li te anonse tou yon nouvo pak 164 ekta sou kote Jamaica Bay ke yo pral bay non Shirley Chisholm, yon moun natif natal Brooklyn epi premye Fanm Manm Kongrè ki te Afriken Ameriken. Avan sa, Gouvènè a te [anonse](#) tou sit ak patenarya prensipal swen anbilatwa k ap fèt ak sis sant sante gouvènman federal la kalifye ki baze nan Brooklyn yo pou yo poze fondasyon pou [rezo](#) swen anbilatwa k ap gen 32 sit ki konte koute 210 milyon dola yo a.

Piblikasyon senk RFP pou lojman abòdab yo ak lòt pwogram yo te anonse jodi a yo swiv prim 664 milyon dola Gouvènè a bay nan finansman pou kreye yon sistèm swen sante dirab k ap agrandi aksè ak transfòme swen toupatou atravè Brooklyn Santral. Investisman sible sa yo—yo te anonse an Janvyè a—pral ranfòse etablisman swen sante onivo lokal yo pou konble eka aktyèl yo ak ogmante sèvis yo; transfòme sistèm sante a lè yo ogmante aksè a bon jan kalite sèvis ak swen prevantif; epi devlope yon rezo swen anbilatwa ki gen 32 sit ki pral gen ladan patenarya yo pral fè ak pwofesyonèl swen sante ki deja baze nan kominote yo.

Gouvènè a te lanse inisyativ Vital Brooklyn lan nan prentan 2017 la, sa k ap prezante kominote a yon bann seri opsyon pou yo kreye yon nouvo modèl pou devlopman ak byenèt kominotè. Apresa, Gouvènè a te mete chak Manm Asanble Brooklyn Santral responsab pou yo konvoke yon Konsèy Konsiltatif Kominotè (Community Advisory Council) k ap gen ladan lidè kominote yo, espesyalis lokal yo, defansè yo, ak lòt pati prenan yo pou yo evalye opsyon sa yo— epi pou yo konsidere bezwen inik ak opòtinite distri a yo. Senatè Eta a ki reprezante kèk pati nan Brooklyn Santral la yo te angaje aktivman nan pwosesis la tou. Pandan plizyè semèn, Konsèy Konsiltatif Kominotè a te reyini nan kominote a pou yo patisipe nan diskisyon santre avèk ajans eta a yo, sa k ap responsabilize kominote pou yo pwograme ak dirije resous eta angaje yo. Depi lansman inisyativ la, gen 25 reyinyon kominotè ki te fèt ki te reyini prèske 100 pati prenan kominotè kle yo ansanm. Anons jodi a te devlope atravè ak enfòmè apati de efò planifikasyon kominotè sa a.

Brooklyn Santral la se yonn nan zòn ki pi vilnerab nan tout Eta New York la, avèk pi wo nivo obèzite ke yo ka mezire, dyabèt ak ipètansyon Tip 2, aksè limite a pwodwi alimantè ki bon pou sante yo oswa opòtinite pou fè aktivite fizik, to vyolans ak krim ki

elve, gwo inegalite ekonomik akòz chomaj, ak gwo nivo povrete, ak aksè ki inadewat a bon jan kalite sèvis swen sante ak sèvis pou sante mantal yo.

Loreya Premye Lojman Abòdab RFP yo

- Yo te chwazi Apex Building Company, L+M Development Partners, RiseBoro Community Partnership ak Services for the Underserved (SUS) pou achte ak redevlope ansyen Brooklyn Developmental Center nan kad inisyativ lojman abòdab Vital Brooklyn la. Devlopman an pral bay plis pase 2,400 inite ak lojman abòdab, ak 45 pousan sa ki disponib pou fwaye k ap rantre rive jiska 50 pousan Salè Zòn Medyan, ki gen anviwon 207 inite pou ansyen endividi ak fanmi sanzabri, anviwon 185 inite pou endividi ki andikape sou plan entèlektyèl ak devlopman, anviwon 156 inite pou granmoun aje ak 1.2 milya dola investisman nan pati Lès New York. Ankenn nan inite yo pral disponib pou fwaye k ap rantre plis pase 80 pousan AMI.

Devlopman an pral genyen ladann devlopman mendèv ak vilgarizasyon pou plase rezidan lokal nan travay konstriksyon nan Jamaica Bay Landing, ak sèt patnè kominotè ki pral bay fòmasyon travay ak pwogram antreprenarya. Pwojè a baze sou yon planifikasyon 'zòn ble' ki baze sou modèl kominote tout kote nan mond lan ki genyen esperans viv ki pi long, ansanm ak 4.57 ekta espas piblik ouvri ki genyen yon ri prensipal komèsyal, yon plas kominotè, koridò jaden, lakou rezidansyèl, yon pak maritim pou egzèsis ak zòn pwodiktif.

- Yo te chwazi òganizasyon san pwofi CAMBA ki egziste depi lontan nan Brooklyn pou devlope "Interfaith Broadway: Sit C" nan kad inisyativ lojman abòdab Vital Brooklyn la. CAMBA pral transfòme Sit C, sou teren ke One Brooklyn Health posede, pandan li pral kreye 57 apatman abòdab pou yon varyete nivo salè, ak sèvis sou plas pou granmoun aje ak fanmi sanzabri kwonik.

Devlopman sou Sit C a pral loje plizyè akomodasyon tankou sekirite 24 èdtan, depo bisiklèt, sal kominotè ak sal pou fè egzèsis fizik, Bilding Vèt (Green Building) nan k ap ankouraje viv an sante ak ekonomi enèji tankou pano solè sou twati, espas paking kouvri, ak plis ankò. Yon Etablisman Anèks Kominotè (Community Facility Annex) nan yon bilding ki pa twò lwen pral bay rezidan yo aksè ak yon sant fòmasyon devlopman mendèv, Agrikilti ke Kominote a Sipòte, espas pou depoze manje ki an sante, ak sèvis livrezon manje Vwazen Ansanm (Neighbors Together) pou rezidan granmoun yo.

Anplis de sa, CAMBA pral devlope sèvis pèsonalize sou plas nan edikasyon finansyèl, preparasyon pou travay, viv an bon sante, ak abi sibstans. Pral genyen tou opòtinite pou rezidan patisipe nan sware sinema, atizay ak atizana, ansanm ak sèvis ki disponib pou granmoun LGBT.

- Yo te chwazi Vital Brookdale, LLC, yon antrepriz asosye ant MDG Design + Construction, Smith & Henzy Advisory Group, ak Foundling Group pou devlope youn sou kat sit nan kad inisyativ lojman abòdab Vital Brooklyn. Vital Brookdale, LLC pral transfòme "Brookdale Hospital: Sit B" sou teren

ke One Brooklyn Health posede, pandan li pral kreye 152 apatman abòdab pou yon varyete nivo salè, ak sèvis sou plas pou andikape sou plan devlopman ak granmoun aje ki pa nan mezon akèy.

Sit B se yon lo 40,000 pye kare, ki twouve li lòbò parapò ak Brookdale Medical Center, a kote yon ling kay kat etaj ak yon bilding 20 etaj sou Hegeman Avenue. Devlopman an pral bay sèvis sipò pou rezidan ki andikape sou plan devlopman k ap viv nan yon soukategori 152 apatman yo ansanm ak granmoun aje ki pa nan sistèm mezon akèy nan yon lòt soukategori apatman yo. Sèvis yo pral genyen planifikasyon manje ak nitrisyon, asistans sosyalizasyon, ak fòmasyon sou itilizasyon òdinatè, pami lòt sipò.

Devlopman an pral genyen yon sal òdinatè, yon sinema, yon kuizin pou klas kuizin, ak sal detant ak kominotè. Li pral genyen yon varyete itilizasyon etablisman komèsyal ak kominotè ki gendwa genyen ladann aksè ak Agrikilti ke Kominote a Sipòte ak yon Mezon Vèt, yon etablisman Gadri/Preskolè, ak/oswa yon Sant Fòmasyon pou Travay ak Edikasyon. Pral gen yon teras dezyèm etaj ak yon plas santral, jaden kominotè, espas pou moun chita deyò, ak espas pou jwe, ak yon teras pou gade apati twati setyèm etaj. Tout sifas twati a pral genyen pano solè pou pwodui elektrisite sou plas, pandan l ap bay avantaj anvivonmantal ak ekonomi sou depans.

- Yo te chwazi Federation of Organizations pou devlope youn sou kat sit nan kad inisyativ lojman abòdab Vital Brooklyn nan. Òganizasyon san pwofi a, ki se yon ajans byennèt ki baze nan kominote ki ofri sèvis sante, sipò ak lojman nan Long Island ak Vil New York, pral kreye 119 lojman abòdab sou yon lo 21,000 pye kare lòt bò lari a parapò ak Interfaith Medical Center ke yo konnen sou non "Interfaith Herkimer: Sit A".

Devlopman an pral ofri lojman pou granmoun aje, ak yon espas apa pou granmoun aje ki frajil k ap resevwa sèvis sipò sou plas. Yo pral itilize premye etaj la pou pwogram asistans manje. Travayè sosyal, jesyonè ka ak enfimiyè yo pral opere tou sou plas. Yon teras nan dezyèm etaj la pral genyen espas pou chita epi ap ofri klas egzèsis, ak yon lòt nan setyèm etaj la pral genyen yon fèm iben. Bilding nan pral konstwi dapre Nòm Mezon Pasif yo epi li pral genyen yon rido pwoteksyon kont solèy ak yon twati vèt.

Dezyèm Lojman Abòdab RFP

An konsiltasyon ak kowòdinasyon Konsèy Konsiltatif Kominotè a (Community Advisory Councils), Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ap pibliye yon [Demann pou Pwozisyon](#) pou sèt sit Vital Brooklyn nan dezyèm faz inisyativ lojman abòdab Brooklyn Santral, kote li avanse objektif 578 milyon dola inisyativ la pou kreye 4,000 inite lojman abòdab.

Yo te anonse jodia ke inite lojman ke RFP kouvri yo pral devlope sit ke eta ak lopital kontwole k ap genyen sis k ap sou teren One Brooklyn Health ak yon lòt ki sou teren ki se posesyon Sant Medikal SUNY Downstate ki afilye ak Health Science Center at the Brooklyn Foundation. Plizyè nan lokalite yo pral gen yon nouvo sant swen anbilatwa a, ki fè pati 32 sant y ap fè vanse atravè envestisman 664 milyon dola eta ap fè nan transfòmasyon swen sante a.

HCR ap mande pou pwopozisyon yo enkòpore lòt eleman k ap benefisye kominote ozalantou a, ki gen ladan etablisman magazen ak/oswa etablisman kominotè yo, pratik bilding vèt, ak enstalasyon ki oryante anvè sante ak byenèt tankou espas lib yo ak peyizaj iben ki pral ede revitalize zòn nan. Pwopozisyon pou sit E, F, G, H, ak I dwe fèt nan dat 28 Fevriye 2019 epi pwopozisyon pou sit J, K, ak L dwe fèt nan dat 30 Avril 2019.

LaRay Brown, Direktè Egzekitif Jeneral ak Prezidan, Interfaith Medical Center, Inc., te deklare, “Lojman abòdab ak aksesib asosye nan fason entrensèk ak sante. One Brooklyn Health System, Inc. ap tann ak enpasyans pou travay nan fason rapwoche ak òganizasyon yo ke yo te chwazi pou devlope lojman nan kad Inisyativ Vital Brooklyn”.

Manm Kongrè Yvette D. Clarke te deklare, “Lojman abòdab RFP sa yo se yon lòt etap enpòtan nan efò nou pou konstwi yon meyè Brooklyn pou rezidan nou yo. Chak Moun New York merite aksè ak lojman an sekirite ak bon jan kalite, epi loreya RFP sa yo pral bay lojman ke yo bezwen anpil ki pral ede anpil popilasyon vilnerab nan Brooklyn Santral. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak tout lidè eta ak lokal yo paske yo te ede fè reyalizasyon sa a”.

Senatè Roxanne Persaud te deklare, “Inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo a te pote yon chanjman san presedan nan awondisman nou an. Ak anons jodia, plizyè milye moun Brooklyn pral gen garanti yon espas konfòtab ak an sekirite ke yo ka rele lakay. Mwen remèsye Gouvènè a pou sipò l ap kontinye pote andedan kominote nou an”.

Senatè Martin Malave Dilan te deklare, “Gouvènè Cuomo te kontinye goumen pou sila yo ki pi vilnerab pami nou depi premye jou nan administrasyon li an, epi anons jodia pa diferan. Ofri opòtinite lojman abòdab pou sila nan kominote nou an ki bezwen sa nan Brooklyn pral chanje jwèt ekonomik la nan kominote nou yo. Mèsi Gouvènè Cuomo pou lidèchip ak angajman w pou goumen pou fè eta nou an tounen yon meyè kote”.

Manm Asanble Walter T. Mosley te deklare, “Gras ak inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo a, nou pral kontinye fè pwogrè pou nou asire nou ke moun Brooklyn genyen aksè egal ak lojman sekirite ak abòdab. Kominote nou an merite opsyon lojman abòdab kalite ki ka fè yon diferans reyèl nan lavi tèlman anpil rezidan ki nan bezwen. Mwen aplodi administrasyon an ak kòlèg mwen yo pou angajman yo nan kreyasyon yon Brooklyn ki pi an sante ak ki pi pwospè”.

Manm Asanble Tremaine Wright te deklare, “Tout Moun New York merite aksè ak yon anviwònman ki an sekirite, abòdab ak kote moun ka viv an sante espesyalman nan laj yo. Inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo a te revele li nesès pou kwasans ak pwosperite kominote yo atravè Brooklyn epi nouvo apatman pou granmoun aje abòdab sa yo pral asire ke rezidan nou yo genyen yon espas an sekirite ke yo ka rele lakay. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman li nan devlopman ekonomik ki baze nan kominote ansanm ak angajman li k ap kontinye pou Brooklyn”.

Manm Asanble Latrice Walker te deklare, “Mwen fyè pou mwen fè patenarya ak Gouvènè Cuomo nan transfòmasyon remakab Brooklyn santral pou sila yo ki sèlman vle viv nan katye yo te leve a. Ant teren jwèt ak espas vèt pou swen anbilatwa ak

lojman, inisyativ Vital Brooklyn nan pral ede reponn ak bezwen rezidan li yo epi amelyore kalite lavi yo. Inite lojman sa yo se yon lòt viktwa pou Brooklyn ankò, kote li pral ede sa ki vin tonbe nan moman difisil yo retounen sou pye yo epi pwogrese nan kominote yo konnen ak renmen an”.

Manm Asanble Diana Richardson te deklare, “Antanke gwo defansè Inisyativ Vital Brooklyn, mwen kwè ke tout Moun New York merite yon lojman desan nan kominote yo. Lojman sipò esansyèl pou pèmèt Brooklyn kontinye abòdab. Inisyativ Vital Brooklyn kontinye ofri lojman abòdab pou moun Brooklyn ki pi nan bezwen yo. Mwen fyè dèske mwen gen patenarya ak Gouvènè Cuomo, epi mwen aplodi sipò l ap kontinye bay nan kominote Brooklyn santral la”.

Manm Asanble N. Nick Perry te deklare, “Twòp Moun New York nan bezwen yon lojman abòdab, men gras ak Inisyativ Vital Brooklyn nan epi lojman abòdab RFP sa yo n ap ofri kay ki an sekirite, abòdab k ap pèmèt devlopman yon eksperyans lavi ki pozitif epi ki an sante. Gras ak efò enfatigab ak vizyonè Gouvènè Cuomo, Brooklyn pral kontinye grandi ak pwospere”.

Manm Konsil Vil New York Alicka Ampry-Samuel te deklare, “Lefèt pou moun viv sanzabri nan kominote Brooklyn Santral la te yon flewo ki dire twò lontan. Pandan li ofri opòtinite lojman pou rezidan nou yo ki pi vilnerab, nou rapwoche nou yon pa pi pre eradikasyon pwoblèm sanzabri a nan eta nou an yon fwa pou tout. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou travay devwe li pou asire li ke tout Moun New York gen yon kote an sekirite ke yo ka rele lakay”.

Manm Konsil Vil New York Robert Cornegy Jr. te deklare, “Inisyativ Vital Brooklyn kontinye pote chanjman ki p at janm fèt avan nan awondisman nou an, epi inite lojman sa yo se yon lòt pa ankò nan direksyon yon meyè Brooklyn pou tout moun. Enpak solisyon lojman sa yo pral touche lavi plizyè milye fanmi nan kominote sa a, amelyore kalite lavi yo epi asiste yo pandan y ap travay pou retounen sou pye yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske l ap pote pi gwo opòtinite pou moun Brooklyn atravè awondisman an”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)